# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु आजु नई दिल्ली में दुइ हजार तेइस आ दुइ हजार चउबीस खातिर राष्ट्रीय हस्तसिल्प पुरस्कार प्रदान कइलिनि। ई प्रतिस्ठित राष्ट्रीय सम्मान असाधारण कलात्मक निपुणता आ भारत क समृद्ध अउर विविध हस्तसिल्प बिरासति क संरक्षण आ संवर्धन बदे सरकार के प्रतिबद्धता के दरसावे ला। येह मौका पर राष्ट्रपति मौजूद जनसमूह के सम्बोधित करत कहलिनि कि कला लोगिन के अलगि–अलगि संस्कृतियन आ एक–दुसरे से जोड़े ले।

*हस्तशिल्प को प्रायः परम्परा से जोड़ा जाता है। मुझे बहुत प्रसंता है कि आज जहां एक तरफ विलुप्त हो रहे कलाओं के संरक्षण और जनजातिय कलाओं के प्रत्साहन के लिए तो और वही दुसरी ओर डिजाइनिंग, इनोवेशन और स्र्टटअप को बढ़ावा देने के लिए पुरस्कार दिया जा गया।*

लखनऊ क हस्तशिल्पी माधुरी मिश्रा, वाराणसी क इम्तियाज अहमद आ सहारनपुर क मोहम्मद दिलशाद के सथहीं प्रदेस के कुछु अउरियो हस्तसिल्पियो पुरस्कार पावे वालन में सामिल हवें।

**********

भारत क पहिला चीफ ऑफ डिफेंस स्टाफ, पद्म विभूषण जनरल बिपिन रावत क चउथा पुण्य स्मृति के मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के सैनिक स्कूल में आयोजित कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। मुख्यमंत्री जनरल बिपिन रावत प्रेक्षागृह क लोकारपण कइलें आ सैनिक स्कूल परिसर में बनल उनके मुरती क अनावरणो कइलें। येह मौका पर आयोजित समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री जनरल बिपिन रावत के देसभक्ति क हर देसवासी खातिर अनुकरणीय बतवलें।

***देवभूमि उत्तराखंड का वह भाव जो राष्ट्र के प्रति एक नई प्रेरणा देता है वह उनके मन में सदैव रहती थी और वह अन्यों के लिए प्रेरणा बनती थी। भारत माता के ऐसे महान योद्धा को स्मरण करना हर भारतवासी का दायित्व होना चाहिए और उनकी इस स्मृति को सैनिक स्कूल के माध्यम से हम आगे बढ़ा सकें इस उद्देश्य से आज उनकी प्रतिमा और उनकी स्मृति में बने हुई सभागार के लोकार्पण कार्यक्रम के अवसर पर मुझे उनको स्मरण करने उनकी स्मृतियों को नमन करने का यह अवसर प्राप्त हुआ है।***

कार्यक्रम में असम राइफल्स क महानिदेसक लेफ्टिनेंट जनरल विकास लखेड़ा आ जनरल बिपिन रावत फाउंडेशन क अध्यक्ष रिटायर एयर चीफ मार्शल आरकेएस भदौरियो सामिल भइलें।

मुख्यमंत्री आजु गोरखेपुर में राजकीय औद्योगिक प्रशिक्षण संस्थान–आईटीआई के भवन क लोकार्पणो कइलें।

**********

केंद्रीय विमानन मंत्री राम मोहन नायडू कहले हवें कि इंडिगो क हलिये के संचालन से जुड़ल विफलता से पैदा भइल ब्यौधान अब तेजी से ठीक हो रहल बा। उहां के दोहरवलीं कि सरकार मजबूत विमानन प्रणाली बनावे बदे पुरहर तरीक से प्रतिबद्ध हौ। इंडिगो क मौजूदा संकट पर लोकसभा में श्री नायडू बतवलें कि इंडिगो के पुरहर तरह से जबाबदेह ठहरावल जा रहल बा। येह बिच्चे, नागर विमानन महानिदेसालय–डीजीसीए हाले में उड़ानन में आइल बाधा के देखत इंडिगो के सज्जो क्षेत्रन में अपने उड़ानन में पांच फीसदी क कटउती कइले क निरदेस दिहले हवे। एगो रिपोर्ट

***ये रद्दीकरण विशेष रूप से अधिक मांग और कम आवृति वाली उड्डानों पर लागू किया गया है। महानिदेशालय ने बताया है कि उड़ानों में बढ़ोतरी के बावजूद इंडिगो संचालन अनुसूची में अपनी दक्षता नहीं दिखा सकी। डीजीसीए ने इस एयरलाइन को कल शाम पांच बजे तक संशोधित अनुसूची जमा करने को कहा है। समाचार कक्ष से निखिल कुमार ।***

**********

प्रदेस क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही आजु अजोध्या में अधिकारियन के साथे धान खरीदि के ले के समीक्षा बइठकी कइलें। श्री शाही धान क खरीदि बढ़ावे बदे अधिकारियन के निरदेस दिहलें। उहां के सिंचाई व्यवस्था के अउरियो मजबूत कइले आ नहरिनि में नियमित पानी क आपूर्ति सुनिस्चित कइलहू क निरदेस दिहलीं। कृषि मंत्री कहलें कि किसानन के सुविधा के ले के सरकार गम्भीर बा।

**********

काशी–तमिल संगमम क चउथा संस्करण में आजु वाराणसी में कई गो कार्यक्रम आ गतिविधियन क आयोजन भइल। एगो रिपोर्ट–

***नमो घाट पर आयोजित एक विशेष सांस्कृतिक शैक्षिक कार्यक्रम में तमिलनाडु से आये प्रतिनिधियों और प्रशिक्षकों के मार्गदर्शन में एनसीसी कैडेट्स ने तमिल भाषा सीखने के साथ–साथ तमिल संस्कृति, साहित्य और पारम्परिक मान्यताओं के बारे में जानकारी प्राप्त की। विद्यार्थियों ने कहा कि यह अनुभव उनके लिये अत्यन्त ज्ञानवर्धक और प्रेरणादायी रहा। आज ही तमिलनाडु से आये एक अन्य दल ने हनुमान घाट पहुंच कर वहां स्थित प्राचीन मंदिर में दर्शन–पूजन किया। वहां पर आचार्यों द्वारा दल को मंदिरों के इतिहास और उनकी भव्यता के बारे में भी जानकारी दी गयी। इसके बाद प्रतिनिधिमण्डल ने तमिल कवि सुब्रमण्यम भारती के घर का भी भ्रमण किया। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस के तराई इलाकन में बारह दिसम्बर ले कहीं–कहीं घना कुहेसा क धिरवनिया दिहले हौ।

**********